



Mata Pelajaran : Bahasa Daerah
Kelas : VII (Tujuh)

Hari / Tanggal : Jumat, 17 Desember 2021
Waktu : 08.45 – 10.15

I. Wangsulana pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulana kang paling bener!

1. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Wong-wong sing nglayat padha umyek, malah ana sing nyata-nyata nolak yen jisime Pak Kandar disarekake ana pasarean desa Majapitu. Ana rong perkara sing dadi jalarane, sapisan kuwat pangirane yen Pak Kandar kena Covid 19, dene kapindho Pak Kandar iku wis dudu warga Negara Indonesia.
...

Punggelan teks crita ing dhuwur miturut struktur teks cerkak kalebu bagean....

- A. Resolusi
B. Orientasi
C. Komplikasi
d. Reorientasi

2. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Mangsa pageblug dumadi maneh ing bumi Nuswantara, malah uga dirasakake dening wong saindenging donya. Manut jantrane sejarah timbuling pageblug iku dumadi saben taun sepisan.
...

Punggelan teks cekak kasebut kalebu struktur....

- A. Resolusi
B. Orientasi
C. komplikasi
D. Reorientasi

3. Gatekna pethikan teks cerkak Gara-Gara ing ngisor iki!

...
Nalika adegan gara-gara iku lumaku kedadak saka poncot lapangan keprungu panjerite wong wadon bebarengan karo tangis gero-gero. Cetha swara iku saka omahe lik Sumini. Pancen manut pangrungu Pak Kandar bubar mulih saka Jakarta tandha tangan kontrak menyang luar negeri.

Wong-wong sing nglayat padha umyek, malah ana sing nyata-nyata nolak yen jisime Pak Kandar disarekake ana pasarean desa Majapitu. Ana rong perkara sing dadi jalarane, sapisan kuwat pangirane yen Pak Kandar kena Covid 19, dene kapindho Pak Kandar iku wis dudu warga Negara Indonesia, dheweke tau nggawe kartu idhentitas ing luar negeri kana.

Bidan Pujiani sing didherekake Sarjita teka ing papan kesripahan bareng karo rawuhe lurah Sudarmanto. Kanggo ngawekani tuwuhe derdah, lurah Sudarmanto aweh piweling supaya para warga ora nduweni pandakwa warna-warna, nanging cukup matesi anggongne gepok senggol klawan jisime Pak Kandar utawa mulih bae. Para warga ora perlu melu ngrumat jisime Pak Kandar, cukup ditindakake dening para perangkat desa bae.
...

Saka pethikan teks cerkak ing dhuwur, perangan struktur resolusi diwiwiti ukara ...

- A. Nalika adegan gara-gara iku lumaku kedadak saka poncot lapangan keprungu panjerite wong wadon bebarengan karo tangis gero-gero.
B. Bidan Pujiani sing didherekake Sarjita teka ing papan kesripahan bareng karo rawuhe lurah Sudarmanto.
C. Cetha swara iku saka omahe lik Sumini.
D. Wong-wong sing nglayat padha umyek.
E.
4. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Wektu trus lumaku, silire angin uga trus nerak apa wae kang ana ngarepe. Suwe-suwe kulit tuwane Mbah Kabul uga ngrasakake adheme mangsa bedhidhing wengi iku.

- A. Tema
B. Alur
C. paraga
D. Latar
5. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Sawise nutup lawang, Mbah Kabul ngener senthong. Ra lali mateni lampu. Lawang senthong dibuka alon, samar yen bojone kaget njur tangi. "Bu, sliramu wis turu tenan?" Pitakone Mbah Kabul karo ngaras rambute bojone. Sing ditakoni ra sumaur. Najan asline sih krungu, Mbah Poni pilih ra wangsulan. Merga wis apal watake garwane.
...

Punggelan teks cerkak ing dhuwur nuduhake menawa latar/ setting ana ing
A. Sekolah
B. Omah
C. Lapangan
D. Pasar

6. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Krungu ngendikane bapak kaya ngono, Marni meneng. Dheweke ndhingkluk, ra wani nyelani dhawuhe bapak. Marni wis tanggap, yen bapak ra kersa diajak urip neng Kediri. Najan niyate mung pengin males budi marang wong tuwane, supaya bisa kepenak ing mangsa tuwane
...

Saka punggelan cerita cekak kasebut, paraga utama yaiku
A. bapak lan Ibu
B. bapak
C. marni
D. Ibu

7. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

...
Sawise rabi karo Dewi Arimbi, Raden Bratasena mbacutake olehe mbabat alas Wanamarta. Watara jam telu esuk, pagelaran wayang wong wis meh tekan pungkasane. Raden Bratasena isa ngrampungni karya mbabad alas, njur parisuka bareng sakadang lan panakawan. Raden Bratasena njoget tayungan, minangka tandha tancepe kayon ing pagelaran ...

Jenis alur ing punggelan cerita cekak kasebut, yaiku alur
A. Maju
B. Mundur
C. Campuran
D. Linier

8. Bubar gumremeng mangkono Abah Amru banjur budhal menjaba nedya **mirsani** sapa sing kerengan. Tembung ing ngisor iki tegese padha karo tembung '**mirsani**', kejaba tembung
A. Ndeloki
B. Nakoni
C. Ningali
D. Ndelengi

9. Gatekna pethikan teks cerkak ing ngisor iki!

Rinal bocah SMP kang nduweni bodhi atletis. Dedege dhuwur, pakulitane ireng, rambute klemis kaya selebritis. Ora ana kanca kang seneng karo dheweke. Menawa omong-omongan karo kanca-kancane mesthi **lunyu ilate**.
...

Tembung '**lunyu ilate**' ing punggelan cerita cekak kasebut tegese ...
A. Ora duwe isin.
B. Seneng maido kanca.
C. Omongane mencla-mencle.
D. Seneng pamer apa sing diduweni.

10. Nitik patrape sing kliwat **andhap asor**, empere dheweke iku mung sopir pribadhi utawa bangsane utusan. Tembung **andhap asor** nduweni teges
A. sopan santun
B. grapyak sumanak
C. terang tarwaca
D. ayem tentrem
11. Pangrasane Ganung mantep, mula kabeh **ubarampe** kanggo mbangun omah enggal dijangkepi. Tembung **ubarampe** tegese padha karo tembung
A. Bahan
B. Alat
C. Dhuwit
D. Pekakas
12. "Saiki wis katon **padhang**, awit srengengene wis mlethek."

Kosok balene utawa antonim tembung **padhang** yaiku

- A. Ilang
- B. Sepi
- C. peteng
- D. Mati

13. (a) Mengko yen ibu **duka** kepriye, Mbak?

(b) Bocah ditakoni kok mung njawab **duka** bae, sebel aku!

Tembung **duka** ing ukara (a) lan (b) kalebu tuladhane

- A. Sinonim
- B. Homonim
- C. Antonim
- D. Dasanama

14. Gatekna ilustrasi ing ngisor iki!

Sadurunge mulih sekolah, Riri ngajak Nani sinau bareng ing omahe Nani. Sawise teka omah, Nani gage salin lan nyiyapake buku kanggo sinau bareng. Nani ngenteni Riri nganti sajam. Riri ora teka-teka. Banjur, Riri menehi ngabari yen ora bisa sinau bareng amarga njaga adhike.

Kang digambarake ilustrasi ing dhuwur padha karo unen-unen ...

- A. Iwak klebu ing wuwu.
- B. Endhas gundhul dikepeti.
- C. Idu dililat maneh.
- D. Belo melu seton.

15. Gatekna crita ilustrasi ing ngisor iki!

Suradi bocah kang nduweni pangangen gedhe. Wiwit cilik dheweke kepengin dadi dokter. Nanging, bandha kang ndadekake wong tuwane ora percaya marang apa sing dikarepake. Bapake mergawe serabutan lan ibune amung dadi buruh umbah-umbah. Nanging, dheweke bisa mbuktikake yen bisa dadi dokter amarga dheweke pancen bocah kang pinter.

Ilustrasi kang nggambarake kahanane Suradi ing dhuwur iku padha karo unen-unen ...

- A. Iwak klebu ing wuwu.
- B. Kere munggah bale.
- C. Asu gedhe menang kerahe.
- D. Bathok bolu isi madu.

16. Luwih becik ora usah srawung karo uwong sing tumindake ala, amarga bisa ketularan tumindak ala Kahanan kang digambarake dening ukara ing ndhuwur padha karo unen-unen...

- A. Nabok nyilih tangan.
- B. Sandhing kebo gupak.
- C. Nututi layangan pedhot.
- D. Gajah ngidak rapah.

17. Renal nulungi Pak Kardi kang lagi susah amarga omahe kena banjir. Renal nglakoni tumindak kasebut kanthi ikhlas tanpa nyuwun imbalan apa-apa.

Kahanan iki jumbuh karo sesanti/semboyan ...

- A. Tut wuri handayani.
- B. Jer basuki mawa beya.
- C. Sepi ing pamrih rame ing gawe.
- D. Rukun agawe sentosa crah agawe bubrah.

18. Tumindak kang ora bener bakal nuwuhake kahanan kang ora tentrem ing sajrone ati, saengga mesthi bakal kewedhen yen tumindake kasebut ana sing weruh.

Kahanan kang kaya mangkono jumbuh (sesuai) karo unen-unen ...

- A. Sapa salah seleh.
- B. Sepi ing pamrih rame ing gawe.
- C. Ajining dhiru saka busana.
- D. Ing ngarsa sung tuladha

19. Aku lagi adus nalika ibu budhal menyang pasar.

Ukara kasebut yen didadekake basa krama alus dadi ...

- A. Kula nembe adus wekdal ibu bidhal dhateng peken.
- B. Kula nembe siram wekdal ibu tindak dhateng peken.
- C. Kula nembe adus wekdal ibu tindak dhateng peken.
- D. Kula nembe siram wekdal ibu bidhal dhateng peken.

20. Mirna iku **kenya ayu** ing desa Sudiurip.

Kenya ayu bisa uga diarani kembang....

- A. Lambe
- B. Paes
- C. telon
- D. desa

21. Coba gatekna ukara ing ngisor iki!

*Kabeh kang dadi tingkah polahe anak iku tanggungane wong tuwa ibarate **anak polah bapa***

Paribasan sing ana ing ukara kasebut bacute

- A. Kepradah
- B. Ketara
- C. Dhawuh
- D. kepenak

22. Desa mawa cara negara mawa

- A. tt
B. rt
C. rm
D. rs
23. ?afig=afigu=afigun.
Ukara mawa aksara Jawa kasebut yen ditulis ing aksara latin ...
A. Adigung adiguna adigang. C. Adigang adiguna adigung.
B. Adigang adigung adiguna D. Adiguna adigang adigung.
24. Mikul dhuwur mendhem
Bacute paparibasan ing dhuwur yen ditulis aksara Jawa dadi....
A. je[ro
B. [jro
C. [j[ro
D. je[r
25. Sapa temen tinemu.
Sesanti iki menawa ditulis aksara Jawa dadi...
A. sptemenTinemu
B. spte[mnTi[nmu
C. sp[tmenTi[nmu
D. sp[t[mnTinemu
26. Wawancara iku kegiatan sing ditindakake kanthi menehi...marang narasumber.
A. warta
B. informasi
C. pitakonan
D. dudutan
27. Gatekna bab-bab sing perlu nindakake narasumber ing ngisor iki!
i. nemtokake narasumber
ii. nggawe dhaftar pitakonan
iii. nemtokake tujuan wawancara
iv. nggawe lan ngajokake proposal
Bab sing kudu disiyagakake luwih dhisik sadurunge nindakake wawancara yaiku... .
A. i
B. ii
C. iii
D. iv
28. Coba gatekna tujuan-tujuan nyusun dhaftar pitakonan ing ngisor iki!
i. Supaya wawancarane ora metu saka tema.
ii. Supaya narasumbere ngerti apa sing arep ditakokake.
iii. Supaya informasi sing diolehi bisa jangkep ora ana sing kliwatan.
iv. Supaya akeh pitakonan sing arep ditakokake marang narasumber
v. Supaya bisa dikira-kira suwene wektu sing dibutuhake kanggo wawancara.
Saka tujuan-tujuan ing dhuwur, tujuan utama nyusun dhaftar pitakonan sadurunge wawancara yaiku....
A. i lan iii
B. i lan iv
C. ii lan iii
D. iii lan iv
29. Coba gatekna bab-bab ing ngisor iki!
i. nggunakake basa sing sopan
ii. engkel-engkelan karo narasumber
iii. munggel (medhot) omongane narasumber
iv. janjian masalah wektu lan panggonan wawancara karo narasumber
v. teka ing narasumber ing wektu sing ora 'disepakati'
vi. nggawa oleh-oleh kanggo narasumber
Saka bab-bab ing dhuwur iku, sing kudu ditindakake nalika wawancara, yaiku....
A. i lan iv
B. i lan vi
C. ii lan iii
D. ii lan v
30. Coba gatekna sarat-sarat minangka narasumber ing ngisor iki!
i. Wong sing duwe titel akeh
ii. wong sing ngalami langsung sawijine masalah
iii. wong sing cedak karo pewawancara
iv. wong sing duweni jabatan kang dhuwur

- v. wong sing nguwasani sawijine tema wawancara
Narasumber sing paling becik kanggo wawancara yaiku wong sing... .
A. i lan iii
B. ii lan iv
C. iii lan iv
D. ii lan v

31. Coba gatekna narasumber-narasumber ing ngisor iki!

- i. wong mancing
- ii. penyuluh pertanian
- iii. wong sing usaha budidaya iwak lele
- iv. wong sing dagang iwak
- v. wong dinas perikanan
- vi. wong usaha kuliner iwak lele

Yen kepengin golek warta ngenani tatacara budidaya iwak lele, sing trep/cocog minangka narasumber yaiku....

- A. i lan iii
- B. ii lan iv
- C. iii lan v
- D. iii lan vi

32. Ukara-ukara ing ngisor iki sing bisa digunakake kanggo pambuka wawancara yaiku...

- A. Menapa ingkang diwastani Covid 19?
- B. Kadospundi Covid 19 saged nyebar sadonya?
- C. Maturnuwun awit saking katrangan penjenengan Pak.
- D. Nyuwun pangapunten Pak, menapa kula saged nyuwun pirsabab covid 19?

33. Coba gatekna pitakon-pitakon ing ngisor iki!

- 1) Kepriye carane virus covid 19 bisa nular saka wong siji menyang wong liyane?
- 2) Kadospundi supados kita mboten kenging virus covid 19
- 3) Kenging menapa kita kedah ngagem masker lan njagi jarak wekdal sesrawungan?
- 4) Apa sing diarani pageblug covid 19?
- 5) Kenapa kita kudu asring wijik tangan?

Ukara pitakon ing ndhuwur sing nakokake alasan yaiku pitakonan nomer....

- A. 1, 5
- B. 2, 4
- C. 3, 5
- D. 2, 3

34. Coba gatekna teks wawancara rumpang ing ngisor iki!

Anik	: Kulanuwun!
Pak Karji	: Mangga Nak, kene mlebu kene!
Anik	: Inggih Pak, maturnuwun.
Pak Karji	: Ana perlu apa kok sajak wigati banget?
Dewi	: Punika lho Pak, kula pengin ngertos usaha bathik kagungan panjenengan.
Anik	:?
Pak Karji	: Usaha batik iki dakjenengake "Sekar Jagad"

Kanggo nggenepi teks wawancara ing dhuwur, pitakonane Anik sing trep yaiku ...

- A. Apa jenenge usaha bathik sampeyan niki pak?
- B. Punapa naminipun usaha bathik panjenengan pak?
- C. Sinten naminipun usaha bathik panjenengan pak?
- D. Sapa jenenge sing duwe usaha bathik menika pak?

35. Pitakonan kanggo wawancara ing ngisor iki wangsulane arupa cara nglakoni sawijining bab, yaiku ...

- A. Pinten reginipun mesin menika nalika mundhut?
- B. Kados pundi caranipun ngginakaken mesin menika?
- C. Wiwit kapan panjenengan ngginakaken mesin menika?
- D. Kenging menapa Panjenengan langkung remen ngginakaken mesin menika?

36. Coba gatekna teks wawancara ing ngisor iki!

Bu Siti : Bapakmu olehe mbukak usaha gawe sepatu apa wis suwe, Win?
 Erwin : Dereng Bu, ngantos samenika wetawis taksih sekawan wulan.
 Bu Siti : Lha sakdurunge duwe usaha gawe sepatu, bapakmu kerja ana ngendi?
 Erwin : Rumiya bapak ngasta wonten Surabaya. Sasampunipun pensiyun lajeng mbikak usaha piyambak.
 Bu Siti : O ... ngono ta. Terus sakdurunge kuwi bapakmu ngasta apa?
 Erwin : Bapak ngasta waonten Dinas Perdagangan Provinsi Jawa Timur.
 Bu Siti : Wah, pancen becik kuwi. Tegese bisa nanjakake ketrampilan sing ana, tur bisa mbantu programe pemerintah kanggo nyuda pengangguran.
 Erwin : Inggih Bu, pancen leres dhawuh panjenengan. Ngendikane bapak nyambut damel punapa kemawon menika sae waton halal lan mboten ngrugekake tiyang sanes.

Saka teks wawancara ing dhuwur, bapak Erwin anggone mbukak usaha gawe sepatu suwene kira-kira...

- A. telung wulan
- B. patang wulan
- C. limang wulan
- D. nem wulan

37. Coba gatekna teks wawancara ing ngisor iki!

Bu Siti : Bapakmu olehe mbukak usaha gawe sepatu apa wis suwe, Win?
 Erwin : Dereng Bu, ngantos samenika wetawis taksih sekawan wulan.
 Bu Siti : Lha sakdurunge duwe usaha gawe sepatu, bapakmu kerja ana ngendi?
 Erwin : Rumiya bapak ngasta wonten Surabaya. Sasampunipun pensiyun lajeng mbikak usaha piyambak.
 Bu Siti : O ... ngono ta. Terus sakdurunge kuwi bapakmu ngasta apa?
 Erwin : Bapak ngasta waonten Dinas Perdagangan Provinsi Jawa Timur.
 Bu Siti : Wah, pancen becik kuwi. Tegese bisa nanjakake ketrampilan sing ana, tur bisa mbantu programe pemerintah kanggo nyuda pengangguran.
 Erwin : Inggih Bu, pancen leres dhawuh panjenengan. Ngendikane bapak nyambut damel punapa kemawon menika sae waton halal lan mboten ngrugekake tiyang sanes.

Saka teks wawancara ing dhuwur, alasan bapak Erwin nalika mbukak usaha gawe sepatu sawise pensiun yaiku...

- A. Nyambut gawe apa wae apik waton halal lan ora ngrugekake wong.
- B. Usaha gawe sepatu bisa mbantu pemerintah nyuda pengangguran.
- C. Usaha gawe sepatu kanggo nanjakake ketrampilane bapak.
- D. Nyambut gawe dhewe luwih enak tinimbang nyambut gawe melu wong liya.

38. Iklan kang duweni tujuan nawakake sawijine prodhuk barang lan jasa, lire ndayani masyarakat minangka pelanggan utawa pangsa pasar supaya ketarik, rumangsa butuh, lan wusanane gelem tuku utawa nggunakake barang lan jasa sing ditawakake diarani iklan...

- A. komersial
- B. reminder
- C. persuasif
- D. layanan masyarakat

39. Coba gatekna iklan ing ngisor iki!



Teks iklan ing dhuwur iku kalebu jinis iklan....

- A. komersial
- B. layanan masyarakat
- C. reminder
- D. persuasif

40. Coba gatekna bab-bab ing ngisor iki!

- i. basane dawa
- ii. narik kawigaten
- iii. nuwuhake pepinginan
- iv. gambar lan ukarane ora nggatekake norma
- v. basane bombastis ora klebu nalar
- vi. ngandharake kebeneran

Bab-bab sing kudu digatekake nalika nulis teks iklan utawa reklame yaiku....

- A. ii, iii lan v
- B. i, ii lan iv
- C. I, iv lan vi
- D. ii, iii lan vi

41. Ing ngisor iki struktur teks iklan sing paling bener yaiku....

- A. headline, subheadline, artline, productshot, tagline
- B. headline, subheadline, amplifikasi, deadline, productshot
- C. headline, subheadline, amplifikasi, tagline, productshot
- D. titel, subheadline, amplifikasi, tagline, productshot

42. Struktur teks iklan sing tulisane paling nyolok (bisa kewaca dhisik) sanajan panggonane ora ana ing ngarep dhewe utawa ndhuwur dhewe diarani....

- A. headline
- B. subheadline
- C. amplifikasi
- D. productshot

43. Coba gatekna teks iklan ing ngisor iki!



Kaidah panulisane iklan kudu spesifik, yaiku produk utawa jasa kang ditawarake kudu cetha. Saka gambar iklan ing dhuwur, bagean teks sing wis cocog karo kaidah penulisan iklan kudu spesifik ana ing teks....

- A. sing dobel tansah nggawe wareg!
- B. khusus mangan ing panggonan
- C. 50% off, Rebo Spesial
- D. super gede 2 (2 pitik + segi + pepsi)

44. Coba gatekna iklan ing ngisor iki!



Tagline iklan ing ngisor iki yaiku. ...

- A. tulisan Antangin
- B. tulisan "Wes Sewes"

- C. gambar/foto obat Antangin
D. tulisan "Wes Sewes Bablas Angine"

45. Coba gatekna teks iklan ing ngisor iki!

DIABETES ? NGREKAOS SAESTU



Monggo organ iki ingkang saestu penting punika kita jagi, sampun ngantos sakit.

NGUNJUK KEMAWON DIACAREHIU



FORMULASI TEPAT
REAKSI CEPAT

Khasiatipun Insya Allah Nyata :

Normalaken kadar gula darah
Nyehtaken pankreas
Nggairahaken hasrat seksual
Nyegah komplikasi ginjal

POM TR 133 369 361

No. kapsul	Harga	
	Jawa	Luar Jawa
60	Rp 55.000,-	Rp 60.000,-

HERBAL INDO UTAMA
Pilihan Sehat Anda Sekeluarga

Layanan Konsumen : dr. Didit Aktono Hadi

☎ 0854 6741 9830
☎ 0852 3825 0300

📞 0854 6741 9830
📞 0852 3825 0300

Informasi ing ngisor iki sing ora ana ing teks iklan DIACAREHIU ing dhuwur yaiku...

- Diabetes gawe susah.
- Diacarehiu regane murah.
- Diacarehiu produksine Herbal Indo Utama.
- Kasiate Diacarehiu bisa nyehatake pankreas.

46. Coba gatekna teks iklan ing ngisor iki!

DIABETES ? NGREKAOS SAESTU



Monggo organ iki ingkang saestu penting punika kita jagi, sampun ngantos sakit.

NGUNJUK KEMAWON DIACAREHIU



FORMULASI TEPAT
REAKSI CEPAT

Khasiatipun Insya Allah Nyata :

Normalaken kadar gula darah
Nyehtaken pankreas
Nggairahaken hasrat seksual
Nyegah komplikasi ginjal

POM TR 133 369 361

No. kapsul	Harga	
	Jawa	Luar Jawa
60	Rp 55.000,-	Rp 60.000,-

HERBAL INDO UTAMA
Pilihan Sehat Anda Sekeluarga

Layanan Konsumen : dr. Didit Aktono Hadi

☎ 0854 6741 9830
☎ 0852 3825 0300

📞 0854 6741 9830
📞 0852 3825 0300

Informasi masalah rega DIACAREHIU sing ora padha karo teks iklan ing dhuwur yaiku ...

- Sabotol DIACAREHIU ing Jawa regane 55.000 rupiah.
- Sakapsul DIACAREHIU ing luar Jawa regane 550 rupiah.
- Sabotol DIACAREHIU ing luar Jawa regane 60.000 rupiah.
- Sabotol DIACAREHIU ing Jawa lan luar Jawa regane beda 500 rupiah.

47. Coba gatekna iklan ing ngisor iki!

Indonesia baik.id

7 Coro Gawe Nyegah Covid-19 Cek Gak Nyebar

- #1** Sing rajin ngumbah tangan gawe sabun
- #2** Ojok nyebeli mata, irung, ambek lambé
- #3** Tutu pono lambé pati watuk utowo pilek gawe bisa utowo lengen sikut bagian njero
- #4** Ojok nang panggon sing rame
- #5** Menengo nang njero omah nek ngersa awak gak enak Maso mek loro panas, pilek, utowo watuk sitik
- #6** Nek misale panas, watuk, the sesek, ndang diperitakno awake. Hubungno pos kesehatan utowo rumah sakit kawat telpon dijak
- #7** Tontoken terus info sing luwih anyar tokan Kemenkes utowo badan Kesehatan resmi liyane

Kontak Pusat Corona 119 ext 9

Informasi ing ngisor iki sing ora padha karo informasi sing ana ing iklan CARA NYEGAH CORONA ing dhuwur yaiku...

- A. Iklan iku digawe dening Kemenkes RI.
- B. Ana 7 cara nyegah Covid 19 supaya ora nyebar.
- C. Yen krasa lara panas, pilek utawa watuk aja metu saka omah.
- D. Cara watuk sing becik kanthi nutupi nggawe *tissue* utawa lengen bagean njero.

48. Coba gatekna teks iklan ing ngisor iki!



Headline iklan ing dhuwur yaiku...

- A. Bima Galaxy Note
- B. Hape canggih ora lemot.
- C. Dadi kancamu ing saben wektu.
- D. Rega murah kwalitas luar biasa!!

49. Coba gatekna iklan ing ngisor iki!



Endahe basa teks iklan ing dhuwur ana ing ukara...

- A. Bima Galaxy Note
- B. Hape canggih ora lemot.
- C. Dadi kancamu ing saben wektu.
- D. Rega murah kwalitas luar biasa!!

50. *Dadi kancamu saben wektu.* Tagline iklan iki endah amarga purwakanthi guru.....

- A. basa
- B. swara
- C. sastra
- D. lumaksita